# ТЕАТРЛАРДА СЕС РЕЖИССЁРЫНЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

**Р.А.Нийетуллаев**- *оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** овоз режиссёри, актёр, режиссёр, архитектор, театр, амфитеатр, кино, телевидение, радио, «Медиа-спектакль», «Визуал давр», акустика, мусиқа.

**Ключевые слова:** звукорежиссер, актер, режиссер, архитектор, школа, амфитеатр, кино, телевидение, радио, «Медиа-перформанс», «Визуальный фон», акустика, музыка.

**Key words:** sound engineer, actor, director, architect, school, amphitheater, cinema, television, radio, "Media performance", "Visual background", acoustics, music.

Театр сес режиссёры кәсиби даўыс техникасының театрға келиўинен басланады. Ерте дәўир театрларында бир топар «шаўқымшылар» спектакльге даўыс жағынан жумыс алып барған болса бүгинги күнге келип техника раўажланыўы нәтийжесинде бул жумысты тек ғана бир сес режиссёры атқара алады. Спектакльди музыка ҳәм шаўқымлар менен безеў методының жеңиллик пенен иcлениўин тәмийинлейди. Сес режиссёрының жәрдеминде спектакльдиң улыўма атмосферасы дөрeледи, себеби спектакльдеги рольлердиң хәрекети тек ғана музыка менен емес ал ҳәр қыйлы даўыслар, шаўқымлы сеслер менен сулыўлығы ҳәм тамашагөйдиң ўақыяға исениўине үлкен үлес қосады. Ҳәр қандай театрда бир спектакль шығыўы ушын режиссёр менен бирге актёр, художник, дирижёр, балетмейстер, хормейстер ҳәм де техник хызметкерлер жуўапкер болады. Барлығы да сахна ушын хызмет етеди. Соның ишинде театрда айрықша әҳмийетке ийе сес режиссёры кәсиби бар. Сес режиссёры дөретиўши техникалық хызметкер болып табылады. Себеби, ол театрда сес пенен байланыслы болған барлық техник үскенелерге жуўапкер ҳәм де сол сахна акустикасы қай дәрежеде, залдағы тамашагөйлерге актёрлардың даўысы толық ҳәм сапалы жетип барыўы сес режиссёры ўазыйпасына киреди.

Екиншиден оның дөретиўшилиги болса, оның сахналастырыўшы режиссёр менен бирге спектакльге керекли музыканы таңлаўы болып табылады.

Әййемги дәўир амфитеатрларында да акустикаға қатты итибар қаратқан. Себеби, ашық театрда отырған тамашагөйлерге даўыс анықлығы жетип барыў керек еди. Музыка менен даўыс сестиниң тәсири амфитеатрлардың арнаўлы акустикасы арқалы раўажланған болып, оның нызамлары қәдимги грек архитекторларына таў ландшафтлары тәрепинен усыныс етип қурылған. Бүгинги бизиң дәўиримизде де театр имаратларында акустика үлкен әҳмийетке ийе. Театр ушын архитекторлар арнаўлы түрде акустика жаратады. Бирақ әййемги театрларында сес режиссёры деген арнаўлы кәсип болмаған. Сес режиссёры кәсип ийелери театр, кино, телевидение, радио ҳәм концерт залларына уқсаған жерлерде жумыс алып барады. Соңғы жүз жылда сес техникасы ҳәм кино тез-пәт пенен раўажланып атырғанлықтан сес режиссёры кәсиби жәнеде қурамаласты ҳәм белгили бир басқышқа көтерилди. Сес режиссёрлары жазыў технологиясын ҳәм даўысқа фон бериўди жақсы билиўи, техникалық үскенелер (санлы ҳәм аналог жазыуды)ден пайдаланыўды билиўлери керек. Сахнадағы ҳәрекетке музыка ҳәм шаўқымларды қойыў репетиция дәўириниң сахнаға шыққан күнинен басланады. Спектакль музыкасы тек ғана эмоционал жағдайларды ғана бағдарлап қоймастан сюжет раўажланыўын ҳәм кейпиятын билдиреди.

Сес режиссёры спектакльге музыка таңлағанда ҳәр бир тамашагөйлер руўхыятына тәсир көрсетиўден тысқары музыка ырғақлары менен қәлбине кирип барады. Тамашагөйлерди қуўандырады, ойландырады, гөззаллыққа, жақсылыққа жетеклеп эстетиканың гөззал әлемине алып киреди. Айырым ўақытлары актёрдың ишки монологларын, ишки сезимлерин музыка арқалы жеткерип береди. Сол мақсетлерди әмелге асырыў ушын театрларда сес режиссёрлары спектакльдеги керекли жерде музыканы таңлап билиўлери шәрт. Музыкалы театрларда сес режиссёрлығының ең әҳмийетли тәрепи, бул - композитор, дирижёр ҳәм атқарыўшылар менен биргеликте орталық тил табысыўы болып табылады. Қандайдур шығарма үстинде дирижёр, жәмәәт, солист пенен жумыс баслар екен, ол атқарылып атырған

шығарманың тийкарғы мазмунын түсиниўи оғада әҳмийетли. Сес режиссёры сол шығарманың «мәкан нормаларын» үйренип шығады. «Мәкан нормалары» дегенимизде, студия ҳәм залдың акустикалық талаплары, сес жазыў процессинде ислетип атырған әсбап үскенелериниң характеристикасы түсиниледи. Бул обьектив қараслар болып табылады. Буннан тысқары, субъектив қараслар да бар. Оған сес режиссёрының оркестр менен ислесиўи киреди. Атқарыўшылар менен биргеликте ислеп, оларды өзине қаратып, исендирип билиўи керек ҳәм оларды бойсындырыўы керек. Атқарыўшылар сес режиссёрында ҳәм билимли, жан күйер соның менен бир қатарда талапшаңлықты көриў керек.

Бизиң Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик академиялық музыкалы театрымызда да бир неше сес режиссёрлары жумыс алып барады. Залдың үсти, сахнаға қарама қарсы тәрепте сес режиссёрлары отыратуғын арнаўлы ханалар бар. Айна арқалы, сахнаны көрип отырып спектакллерге керекли жеринде музыка ямаса шаўқымларды берип отырады. Көп жыллық тарийхқа ийе бул театрда бир неше устаз сес режиссёрлар өткен. Солардың ишинде Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен мәдения хызметкери, устазымыз, марҳум Полат аға Жугинисовты айтып өткимиз келеди. Полат аға сес режиссёры арнаўлы билимге ийе болмасада, театрдың талапшаң, ҳақыйқый жан күйери еди. Барлық спектакллерге музыка таңлады, керек жерлеринде шаўқымларды берди. Театрдың барлық акустикасын жақсы билген. Еле арнаўлы билимге ийе болмаған қасындағы бирге ислеўши шәкиртлеринеде театрдың барлық сес үскенелерин үйретип келген. Спектакль шықпай турып пьеса менен танысыў кереклигин ҳәм сахналастырыўшы режиссёрға өзиңниң пикириңди билдириў кереклигин айтатуғын болған.

Мине, 2008-жылы Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдения институтының Нөкис филиалы ашылды. Соның менен бирге 2012-жылы кино, телевидение ҳәм радио сес режиссёрлығы бөлиминиң ашылыўыда биз техникаға қызығыўшы жасларымызға үлкен имканият жаратылды. Ол жерде сес режиссёрлығы тәлим бағдарынан жоқары мағлыўматлы қәнигели сес режиссёрларын театрларға, кино студияларға, телевидение ҳәм радиоларға таярлап бермекте.

**Әдебиятлар**


1. Козюренко Ю. Основы звукорежиссуры в театре. – М.Искусство , 1987.
2. Авербах Е. Рождение звукового образа. – М.Искусство, 1998.
3. Меерзон Б. Акустические основы звукорежиссуры - М. Наука, 2004.
4. Nietullaev Rustam. "The duty of a sound engineer in musical theatre" *Интернаука* 17-3 (2020) 30-31.
5. Ниетуллаев Рустам Асанович and Олтиной Қосимовна Тожибоева. "Некоторые вопросы звукорежиссуры в современном театральном мире "*Scientific progress* 2.1 (2021) 963-968.
6. Kazimbekovich, Bawetdinov Sh. «Ovoz rejissori studiyada» so‘ngi ilmiy tadqiqotlar nazariyasi 6.9 (2023): 115-117.
7. Qutlıbaevich, Qdırbaev I. «Teatrda texnikalıq úskeneler» Intellectual education technological solutions and innovative digital tools 2.17 (2023) 107-111.
8. Тилепов Қуатбай Нукусбаевич. «Кино-тарбия воситаси» Innovative Development in Educational Activities 2.5 (2023): 314-317.



**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада Қорақалпоғистонда театрда овоз режиссёрлиги соҳасининг ривожланиш босқишлари, театрнинг ёшлар ҳаётида тутган ўрни ва спектаклларнинг яратилишида овоз режиссёрининг вазифалари ҳақида сўз этилади.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье говорится об этапах развития сферы звукорежиссуры в театре Каракалпакстана, роли театра в жизни молодежи, задачах звукорежиссера при создании спектаклей.

**SUMMARY.** This article talks about the development steps of the field of sound directing in the theater in Karakalpakstan, the role of the theater in the life of young people, and the tasks of the sound director in the creation of performances.